Waa yo apik sing organik, nek sing kimia kui mengko tikus seneng mergane kimia kui dipangan legi. Nek organik kui sing pertama dicampur urea nggo pertumbuhan. Nko sing kepindo nggo phonska sing abang kui (*wah ya bagus itu organik, kalau yang kimia itu nanti tikus suka karena kimia itu dimakan manis. Kalau organik itu yang pertama dicampur dengan urea untuk pertumbuhan. Nanti yang kedua pakai phonska yang merah itu).*

**Pewawancara**
Nek sing perlu digatekne pas bertani niku nopo pak? Nopo usia tumbuhan nopo liyane? *(kalau yang perlu diperhatikan dalam bertani itu apa saja pak? Apa usia tumbuhan atau apa?)*

**Informan**

Sing kudu digatekne kui pranoto mongso, pranoto mongso kui ono sig 25 dino 40 dino kudu apal. Seminggu sakdurunge mongso kui dinggo tandur mesti apik. Kui mbok pratekno nengndi ndi mesti apik. Padakne mongso siji misal januari kui mongso kepitu. Patokane 12, desember kan 12, dijumuk 6 dadi mongsone kanem. Saiki sasi opo, oktober, dijumuk 6 dadi mongso kapat. November dijumuk 6 dadi mongso kalimo. Nek klewat seko enem ditambahke. Misal januari ditambahne dadi mongso kapitu. Mongso kudu apal, nek wes isoh berhitung nek seminggu sakdurunge opo sak wise tandur mesti apik. Nek kowe pingin ngerti tanggalan sing apik tukuo sing seko KR, mesti ono pranoto mongso ne. *(Yang harus diperhatikan itu pranoto mongso, pranoto mongso itu ada yang 25 hari 40 hari harus hafal. Seminggu sebelum mongso dan seminggu setelah mongso itu untuk tanam pasti bagus. Misalnya mongso satu Januari itu mongso ketujuh. Dasarnya 12, Desember kan 12, dikurnagi 6 jadi mongso keenam. Sekarang bulan apa, Oktober , dikurangi 6 jadi mongso keempat. November kesebelas dikurangi 6 jadi mongso kelima. Kalau terlewat dari enam ditambahkan. Misal Januari ditambahkan jadi mongso ketujuh. Mongso harus hafal, kalau sudah bisa berhitung nanti seminggu sebelum mongso dan seminggu setelah mongso itu untuk tanam pasti bagus. Kalau kamu pingin tahu kalender yang bagus beli saja dari KR, pasti ada pranoto mongsonya).*

**Pewawancara**

Tapi wayah wayah jawah ngoten pripun (*tapi waktu hujan begitu bagaimana pak?)*

**Informan**

Wes rasah mikir udan po ra pokoke seminggu sedurunge mongso karo sakbare mongso mesti apik. *(sudah tidak usah mikir hujan atau tidak pokoknya seminggu sebelum mongso dan setelah mongso pasti baik).*

**Pewawancara**
Rumiyin niku sing bertani tiyang kakung, sing setri ngewangi nopo pak? *(dahulu itu yang bertani laki laki, yang perempuan membantu apa pak?)*

**Informasi**
Yo ngewangi tandur karo ani ani kui. Nek saiki kan wes ra usum ani ani. Nganggo ne mesin, yen kene sing wes nganggo rodo papat kae neng sleman pak, kan sawahe ombo. *(ya membantu tanam dan ani ani itu. Kalau sekarang kan sudah tidak ada. Pakainya mesin, kalau disini yang sudah pakai roda empat di Sleman pak, kan sawahnya luas).*

**Pewawancara**
Nek mesin niku awes gih pak? (*kalau mesin itu mahal ya pak?)*

**Informan**
Kene ki jaluk e gratis kok, ngajukne proposal e wes entuk *(disini itu minta nya gratis kok, mengajukan proposal sudah dapat).*

**Pewawancara**
Hasil panen niku disade teng pundi? *(hasil panen itu dijual kemana?*

**Informan**
Eneng sing digowo bali ono sing di dol, ditebaske *(ada yang dibawa pulang ada yang dijual, ditebaskan)*

**Pewawancara**
Nek jaman pak harto rumiyin gih sami? *(kalau jaman pak harto dulu ya sama?)*

**Informan**
Yo podo Eneng sing digowo bali ono sing di dol *(ya sama, ada yang dibawa pulang ada yang dijual).*

**Pewawancara**
Mboten dilebetne teng lumbung pak? *(tidak dimasukkan ke lumbung pak?)*

**Informan**
Yo ono kene lumbung, tapi nek raono sing ngawasi niku dipangan tikus. *(ya ada disini lumbung, tapi kalau tidak ada yang mengawasi itu dimakan tikus).*

**Pewawancara**
Suka dukane dados petani nopo pak? *(suka dukanya menjadi petani apa pak?)*

**Informan**
Waa yo kui pak nek wes meh panen dipangan tikus kui rekoso. Tapi kene ki slamanya rung tau dipangan tikus. *(waa ya itu pak kalau sudah mau panen dimakan tikus itu susah. Tapi disini itu selamanya belum pernah dimakan tikus).*

**Pewawancara**
Seking larene bapak enten sing neruske dadaos petani pak? *(dari putra bapak ada yang meneruskan jadi petani pak?)*

**Informan**
Wong anak ku gur loro pak, lanang karo wedok raono sing neruske *(ya anak saya Cuma dua pak, lelaki dan perempuan tidak ada yang meneruskan).*

**Pewawancara**
Mriki enten syukuran hasil panen? *(disini adakah syukuran hasil panen?)*

**Informan**
Sing jenenge merti deso kui yo, wes arang kene ki, nek neng kulon progo kono isih rutin merti deso, nek kene ki rung sue kidul kono nanggap wayang neng yo telung taun pisan. Jane wiwit ki yo ono, tapi sakiki ganding saking do sibuk. (*yang namanya merti desa itu ya, sudah jarang disini itu, kalau di kulon progo sana masih rutin merti desa, kalau disana itu belum lama nanggap wayang tapi ya tiga tahun sekali. Sebetulnya wiwit itu juga ada, tapi sekarang sudah sibuk).*

**Pewawancara**
Menurut bapak pemerintah sudah membantu dalam pertanian pak?

**Informan**
Iyo membantu neng pertanian, tapi pemerintah ora ndelok papane, lemah kene karo lemah kono dipadakne yo ra mlaku. Kene lemah lempung dinggo lemah gesik yo ra mlaku rodone. Ngono lho. *(iya membantu dalam pertanian tapi pemerintah tidak melihat keadaan, tanah disini dengan tanah disana disamakan ya tidak bisa. Disini tanah lempung dipakai tanah gesik ya tidak jalan rodanya. Begitu lho).*

**Pewawancara**
Riyen pas angsal bimas niku mriki manut? (*dahulu waktu dapat BIMAS itu disini patuh?)*

**Informan**
Wes pokoke kene ki manut kabeh, karo aku barang oleh bantuan di dom, rejeki ne piro rasah do rame, sing penting manut di kon ngene

ngene. *(sudah pokoknya disini itu patuh semua, sama saya juga dapat bantuan di bagi, rejeki nya berapa tidak usah gaduh, yang penting patuh diperintah begini begini).*

**Pewawancara**
Mriki niku namung ditanduri pari mawon gih? (*disini itu hanya ditanami padi saja?)*

**Informan**
Oraiso mergane kene ki lemahe lempung arep ditanduri polowijo oraiso, bedo lemah gesik padi padi polowijo padi isoh. (*tidak bisa karena disini tanahnya lempung mau ditanami palawija tidak bisa, beda tanah gesik padi padi palawija padi bisa.)*

**Pewawancara**
Pengairane seking pundi? *(Pengairannya dari mana?)*

**Informan**
Seko selokan mataram kui usahane sri sultan hamengku buwono ke sembilan, saiki timbang dirusakne jepang do kerjassama gawe pengairan rene, tekan kali opak kono *(dari selokan mataram, itu usahanya Sri Ssultan Hamengku Buwana IX, sekarang daripada dirusak sama Jepang lebih pilih kerjasama gotong royong membuat pengairan irigasi disini sampai kali opak sana.)*

**Pewawancara**
Nek mriki enten sing pun didol i sawahipun pak? *(kalau disini ada sawah yang sudah dijual pak?)*

**Informan**
Yo ono sing ngono kui neng yo mau dideki omah dewe dewe, tergantung ombone sawah. Nek pemerintah meh rangolehke nek duwene mung kui meh kepiye *(ya ada yang seprti itu tapi mau*

*dikasih rumah masing masing, tergantung luasnya sawah. Kalau pemerintah mau tidak memperbolehkan kalau punyanya Cuma itu mau gimana)*

**Pewawancara**

Neng teng jogja lahan pertanian paling subur pundi? *(kalau di jogja lahan pertanian yang paling subur di mana?)*

**Informan**

Yo moyudan kene ki, ono 86 kelurahan. Nek bantul karo kene parine apik kene soale banyune kono wes keno limbah. Nek kene banyune asli seko selokan mataram. Nek kulon progo berase peteng putih kene ki. Nek bantul parine gede gede neng larang kene pari ne. (*ya moyudan sini ni, ada 86 kelurahan. Kalau bantul sama disini bagus padinya bagusan disini. Kalau disini airnya asli dari selokan mataram. Kalau kulonprogo berasnya gelap lebih putih disini. Kalau bantul padinya besar besar tapi mahal disini padinya.)*

**Lampiran Foto:**





Di Teras depan rumah Mbah Dalimin

**TRANSKRIP WAWANCARA DENGAN PETANI DESA MOYUDAN, SUMBERSARI, GODEAN, D.I. YOGYAKARTA 12 AGUSTUS 2017**

| | |
|---|---|
| Nama Informan | : Mbah Dadilah |
| Usia | : 78 tahun |
| Tanggal Wawancara | : 12 Agustus 2017 |
| Jenis kelamin | : Perempuan |
| Lokasi | :Teras rumah Mbah Dadilah di Desa Moyudan, Sumbersari, Godean, D.I. Yogyakarta |

**Pewawancara**
Tesih teng saben mbah? (*Masih di sawah mbah?)*

**Informan**
Kulo pun dangu mboten teng sawah (*Saya sudah lama tidak ke sawah)*

**Pewawancara**
Riyen teng sawah awit umur pinten? (*Dulu disawah sudah berapa tahun umurnya?)*

**Informan**
Ha gih pun kulo umur tigangndoso pun teng saben (*Ya sudah umur tigapuluhan tahun sudah di sawah)*

**Pewawancara**
Lha riyen ingkang ngajari teng sawah sinten? (*Lha dahulu yang mengajari di sawah siapa?)*

**Informan**
Gih mung melu melu tonggo teparo tiyang sepuh niku, teng sawah kulo melu nek ngepeki pari ngoten, pun dangu sakniki kulo pun wolong puluh kirang loro (*Ya cuma ikut tetangga rumah orang tua itu, kalau sawah saya ikut memanen pari gitu, sudah lama sekarang saya sudah delapan puluh tahun kurang dua)*

**Pewawancara**
Dados riyen namung mbantu tandur kalih pas panen? (*Jadi dahulu cuma membantu tanam sama waktu panen?)*

**Informan**
Nggih namung niku (*Ya Cuma itu saja)*

**Pewawancara**
Saben e piyambak? (*Sawahya milik sendiri?)*

**Informan**
Nggih, (*ya)*

**Pewawancara**
Tesih teng saben mbah? (*Masih di sawah mbah?)*

**Informan**
Kulo pun dangu mboten teng sawah (*Saya sudah lama tidak ke sawah)*

**Pewawancara**
Riyen teng sawah awit umur pinten? (*Dulu disawah sudah berapa tahun umurnya?)*

**Informan**
Ha gih pun kulo umur tigangndoso pun teng saben (*Ya sudah umur tigapuluhan tahun sudah di sawah)*

**Pewawancara**
Lha riyen ingkang ngajari teng sawah sinten? (*Lha dahulu yang mengajari di sawah siapa?)*

**Informan**
Gih mung melu melu tonggo teparo tiyang sepuh niku, teng sawah kulo melu nek ngepeki pari ngoten, pun dangu sakniki kulo pun wolong puluh kirang loro (*Ya Cuma ikut tetangga rumah orang tua itu, kalau sawah saya ikut memanen pari gitu, sudah lama sekarang saya sudah delapan puluh tahun kurang dua)*

**Pewawancara**
Dados riyen namung mbantu tandur kalih pas panen? (*Jadi dahulu Cuma membantu tanam sama waktu panen?)*

**Informan**
Nggih namung niku (*Ya Cuma itu saja)*

**Pewawancara**
Saben e piyambak? (*Sawahya milik sendiri?)*

**Informan**
Nggih, (*ya)*

**Pewawancara**
Riyen ngagem pupuk nopo (*Dahulu pakainya pupuk apa?)*

**Informan**
Riyen niku rabuke namung godong godongan, kaleh awu diguwak teng sawah, kalih intile mendo niku diguwak teng sawah, riyen kan do ngopeni wedus (*Dahulu itu pupuknya hanya daun daunan, sama abu disebar di sawah, dengan kotoran sapi itu disebar ke sawah. Dahulu kan ternak hewan)*

**Pewawancara**
Trus riyen menawi dereng nate wonten mesin kados sakniki niku ngagem alat i pun nopo?

**Informan**
Dereng, ngagem pacul kaleh kebo niku diluku nek pun ageng ageng dicacah, nek pun truss digaru, trus mengkeh ditotol ngagem tangan nek pun umur wininge nembe tanam. Riyen umure winih niku selapan dino mas, menawi seloso pon tandure mengkeh panen e gih seloso pon. (*Belum, pakai pacul dan kerbau itu diluku kalau sudah besar besar dicacah, kalau sudah digaru, kemudian ditotol pakai tangan kalau sudah berumur benihnya baru tanam. Dahulu umur benih itu selapan hari mas, kalau selasa pon tanamnya nanti panennya ya selasa pon juga*

**Pewawancara**
Riyen saged panen setahun ping pinten? (*Kalau dahulu bisa panen dalam setahun berapa kali?)*

**Informan**
Gih ping kaleh mas (*Ya dua kali mas)*

**Pewawancara**
Niku bibite nopo mbah? (*Itu bibitnya apa mbah?)*

**Informan**

Werni werni e mas, bengawan solo duwur duwur, cendana. Nek riyen dereng enten 64, sakniki niku bibite werno werno boten apal. Nek wes sawah digarap wong niku pun ngertine namung tandur kaleh panen mas. (*Macam-macam e mas, bengawan solo tinggi tinggi, cendana. Kalau dulu belum ada 64, sekarang itu benihnya bermacam macam saya tidak hafal. Kalau sudah sawah diolah orang itu taunya Cuma tanam sama panen mas).*

**Pewawancara**

Riyen hasil e panen niku disade teng pundi mbah? (*Dahulu hasil panen itu dijual kemana mbah?)*

**Informan**

Dibeto mulih mas, nek butuh ge ngliwet mas, boten kados sak niki didol ditebaske. Okeh okeh digowo bali, jaman riyen niku nuku boten digilingke, nganggo lesung kaleh alu mengkeh nek pun utilan, teng ani ani. Mengkeh le ngepeh diuntili trus dipyar wolak walik. Nek pun do potol resek trus teng nglumpang niku. Nek pun resik disosroh teng nglumpang. Di sukani menir trus dipangan. Katule niku dipangan riyen. Nek sakniki kan dicampuri dedak ge pangan pitik. (*Dibawa pulang mas, kalau butuh ya buat nanak nasi mas, tidak seperti sekarang dijual. Kebanyakan dibawa pulang, zaman dahulu itu beli tidak digilingkan, pakai lesung dan alu nanti sudah utilan dalam ani ani. Nanti kalau memanen dibanting bolak balik. Kalau sudah patah)*

**Pewawancara**

Tesih gadah ani ani mbah? (*Masih punya ani-ani, mbah?*)

**Informan**

Pun mboten enten, sak niki awis awis, tapi teng peken niku kadang sih wonten. Nek riyen wong niku dipeki ngagem ani ani nek sakniki diret kaleh sakniki enten gilingan motolke gabah. Sakniiki gilingan niku gertine wangsul e gabah. (*Sudah tidak ada, sekarang sudah jarang, tapi kalau di pasar itu kadang masih ada. Kalau dulu orang panen pakai ani ani kalau sekarang ada gilingan untuk merontokkan gabah.)*

**Pewawancara**

Lha hasile panen riyen kalih sakniki sae sing kapan mbah? (*Kalau hasil panen dahulu dengan sekarang bagus kapan mbah?)*

Informan: Gih sae sak niki, tapi ragate gih akeh sak niki. Ge tumbas rabuk nek mboten dirabuk gih boten metu parine, garapane gih boten apik. Nek hasile ageng sak niki (*Ya bagus sekarang, tapi biayanya ya banyak sekarang. Untuk beli pupuk kalau tidak dipupuk tidak keluar padinya, kerjaannya ya kurang bagus. Kalau hasilnya besar sekarang.)*

**Pewawancara:** Nek rekosone sak niki nopo riyen (*Kalau susahnya sekarang apa dulu?)*

**Informan**

Gih rekoso riyen, wong alate dereng canggih kados sak niki. (*Ya susah dulu, karna alatnya belum secanggih sekarang)*

**Pewawancara**

Sanjange kok beras sae riyen gih kalihan sak niki? (*Katanya kok beras dahulu lebih baik dengan sekarang?)*

**Informan**

Gih apik riyen, tapi Sak niki triyose gih putih putih e mas (*Ya bagus dulu, tapi sekarang itu katanya putihnya putih emas)*

**Pewawancara**
Riyen pas jamane pak harto ngertos wonten penyuluh mbah, dugi teng petani ngajari coro2 ne pertanian? (*Dulu waktu zaman pak harto mengerti ada penyuluh mbah, datang ke petani mengajarkan cara bertani?)*

**Informan**
Mboten ngertos, nek pak harto niku boten ngerti (*Tidak tahu, kalau pak harto itu tidak tahu)*

**Pewawancara**
Riyen awal ngagem pupuk sing boten srintil niku kapan? (*Dahulu awal menggunakan pupuk yang tidak organik kapan?)*

**Informan**
Pun gantos pupuk urea niku pokok e pun dangu niku (*Sudah ganti pupuk urea itu pokoknya sudah lama)*

**Pewawancara:** Nek kagem wedine niku sae diparingi srintil nopo pabrik? (*Kalau untuk tanhnya itu bagus dikasih organik apa buatan pabrik?)*

**Informan**
Sak niki niku nek sing gadah wedus niku gih dibuang dicampur urea. Wenine putih niko, enten sing cemeng sing marai subur niko (*Sekarang itu kalau yang punya kambing ya dibuang kotorannya dicampur urea. Warnane putih gitu, ada yang hitam yang membuat subur itu)*

**Pewawancara**
Riyen gadah sawah sepinten mbah? (*Dahulu punya sawah seluas apa mbah?)*

**Informan**
Namung sawah sak cuil mas, mung seprapat bagian yo sewidak. Nganu rongewu setengah. Nek sak bagian niku 2500 meter nek wong ndeso mriki. (*Hanya sawah secuil mas, hanya seperempat bagian ya enam puluh. Itu duaribu lima ratus. kalau orang sini itu 2500 meter)*

**Pewawancara**
Nek mriki namung ditanduri pari tog gih (*Kalau disini Cuma ditanami padi saja ya?)*

**Informan**
Nek jaman riyen tandur dele pas ketigo niku, sok bati apik. Bar panen niko dilepi tanduri dele. Nek sakniki boten, tapi saget panen ping telu. Nek pas ketigo angel banyu niku gih paling ping kaleh. Ning gih pari ne pari cetek, mung 90 dino. (*Kalau zaman dahulu tanam dele waktu kemarau dulu itu, pernah untung bagus. Tapi sekarang tidak. Tapi bisa panen tiga kali. Kalau waktu kemarau susah air itu ya paling dua kali. Tapi ya padi nya padi pendek, hanya 90 hari).*

**Pewawancara**
Riyen tiyang mriki petani sedanten gih? (*Dulu orang sini petani semua ya?)*

**Informan**
Nggih mas, wong jaman londo riyen niko kulo pun sekolah, pun tani. Riyen mrki niki sawah sedanten, balai niku sawah, sekolah niku gih sawah (*Ya mas, orang zaman belanda dulu sudah sekolah sudah tani. Dahulu disini sawah semua, balai itu sawah, sekolah itu juga sawah).*

**Pewawancara**
Ngertos bimas kados bimbingan teng masyarakat mbah?
*(Tahu bimas seperti bimbingan pada masyarakat mbah?)*

**Informan**
Riyen pas jamane pak harto mawon mriki entuk sapi mas dingge wong wong duwur entek. (*Dahulu waktu jaman pak harto saja disini dapat sapi mas untuk orang orang habis*)

**Pewawancara**
Riyen panen e katah mbah? (*Dahulu panennya banyak mbah?)*
**Informan**
Gih sebelah mriki katah mas, nek sing mriko sok angel, mriki niku angsal subsidi seking pemerintah (*Ya sebelah sini banyak mas, kalau yang disana susah, disini itu dapat subsidi dari pemerintah)*

**Pewawancara**
Wereng enten riyen boten? (*Wereng ada tidak dulu?)*

**Informan**
Gih wonten, nek sakniki boten enten. Wereng niku cilik cilik teng ngisor. (*Ya ada, kalau sekarang tidak ada. Wereng itu kecil kecil dibawah)*

**Pewawancara**
Penyebab e wereng nopo? (*Penyebab nya wereng apa?)*

**Informan**
Boten mudeng, boten kelingan mas (*Tidak ngerti, ga ingat mas)*

**Pewawancara**
Nek pas wereng niku gih mriki kenek sedanten? (*Kalau zaman wereng itu ya disini kena semua ?)*

**Informan**
Nggih, angel diobati mas. (*Ya, susah diobati mas*)

**Pewancara**
Sak niki ingkang neruske tani katah? (*Sekarang yang meneruskan jadi petani banyak?)*

**Informan**
Gih sitik mas mung tiyang sepuh. Cah nom boten gelem angel namung glidik teng nopo (*Ya sedikit mas hanya orang tua saja. Anak muda tidak mau susah tapi kerja di apa)*

**Pewawancara**
Dados riyen niku nek sing jaler ngurusi sedanten teng sawah nek sing setri namung tandur kalihan panen gih (*Jadi dahulu itu yang lelaki mengurus semua di sawah kalau yang perempuan hanya waktu tanam sama panen ya)*

**Informan**
Gih namung niku, Matun pun boten, nek sakniki tiyawang wedok malah do matun seddanten nyosrok barang. Riyen matun mung tili2 boten lurus, boten kinging ngangge sorok boten lempeng (*Ya hanya itu, matun saja tidak, kalau sekarang orang perempuan malah ikut matun semua, nyosrok juga. Dahulu matun Cuma kecil kecil tidak lurus, tidak boleh pakai sorok tidak lurus)*

**Pewawancara**
Kados panen diburuhke nopo panen piyambak? (*Seperti panen itu diburuhkan atau dipanen senndiri?)*

**Informan**
Nek sakniki gih diburuhke, riyen ugere panen wong do ngluruk mawon mas, do ngluruk seking gunung kidul. Nggih mengkeh dibawoni opahe niku jenenge bawon (*Kalau sekarang ya diburuhkan, dulu waktunya panen itu orang menghampiri semua mas, dari gunung kidul. Ya nanti dibawoni upahnya itu namanya bawon).*

**Pewawancara**
Bagiane pinten mbah? (*Bagiannya berapa mbah?)*

**Informan**
Riyen niku moro sepuluh, riyen moro rolas, nek angsal rolas until entuk e sak until. Nek sakniki mung wolu until mengkeh entuke sak until (*Dulu tu sepersepuluh, seperduabelas, kalau dapat duabelas until dapatnya seuntil. Kalau sekarang hanya delapan until nanti dapatnya seuntil).*

**Pewawancara**
Nek teng saben enten rituale? (*Kalau di sawah apa ada ritualnya?)*

**Infoman**
O wiwit, didamelke sego wiwitan, niku sego megono, sakniki tesih enten. Wiwit niku sego megono, ngliwet niko trus gudangan dibumboni ning pedes trus dicampur sego lek didang meleh gurih. Nek riyen niku sing gawat ngagem tedung niku. Bahayane nek sing garap trus loro enten sing mati. Tedung niku werna werni, enten sing nganggo ingkung pitik. Niku tandur (*O wiwit, dibuatkan nasi wiwitan, itu nasi megono, sekarang masih ada. Wiwit itu nasi megono, menanak nasi trus gudangan diberi bumbu yang pedas trus dicampur nasi trus ditanak sampai gurih. Kalau dulu itu yang bahaya pakai tedung itu. Bahayanya kalau yang menggarap sakit trus mati. Tedung itu macam macam ada yang pakai ayam, itu tanam).*

**Pewawancara**
Nek sajen niku dingge pas ajeng tandur kaleh panen? (*Kalau sajen itu dipakai waktu mau tanam dan panen?)*

**Informan**
Nek pas tandur niku tedung, nek sing gawat niku ngagem kabeh. Nek ajeng panen wiwit iku (*Kalau waktu tanam itu tedung, kalau yang bahaya itu pakai semuanya. Kalau mau panen wiwit itu).*

**Pewawancara**
Niki sawah boten dingge trus disade dingge sekolah? (*Ini sawah tidak dipakai trus dipakai untuk sekolah? (sambil menunjuk sekolah didepan rumah)*

**Informan**
Boten niku sawah bale deso, Nggih riyen pamong niku agsal jatah sawah, sawah bengkok (*Tidak itu sawah balai desa, ya dahulu pamong itu dapat jatah sawah, sawah bengkok)*

**Pewawancara**
Jatahe pinten bagian? (*Jatahnya dapat berapa bagian?)*

**Informan**
Boten mudeng, gih benten benten (*Tidak tahu, ya beda-beda)*

**Pewawancara**
Nek bibar panen wonten sukuran deso? (*Kalau setelah panen ada syukuran desa?)*

**Informan**
Boten enten (*Tidak ada)*

**Pewawancara**
Biasanipun wedal sing dingge tandur niiku sasi nopo? (*Biasanya waktu untuk tanam itu bulan apa?)*

**Informan**

Angger enten toyo gih digarap mas, boten gagas sasi (*Setiap ada air ya dikerjakan mas, tidak melihat bulan*)

**Pewawancara**

Mriki pengairan saking pundi? (*Disini pengairan dari mana?)*

**Informan**

Kali niku Sak kilen e godean trus ngidul, niku kan wonten gunung niku sak ngetane (*Sungai itu barat nya godean trus ke selatan, itu kan ada gunung itu ke timurnya)*

Lampiran Foto:



**TRANSKRIP WAWANCARA DENGAN PETANI**
**KABUPATEN KARANGANYAR, JAWA TENGAH**
**28 OKTOBER 2017**

| | |
|---|---|
| Nama informan | : Bu Suwarti |
| Usia | : 70 tahun |
| Tanggal wawancara | : 28 Oktober 2017 |
| Lokasi | : Rumah Ibu Suwarti, Matesih, Kabupaten Karanganyar, Jawa Tengah |

**Pewawancara**
Nyuwun sewu niki kulo rekam gih (*Permisi ini saya rekam ya)*

**Informan**
Gih boten nopo nopo. (*Ya tidak apa apa)*

**Pewawancara**
Riyen ngertos pertanian seking sinten bu? (*Dulu tahu pertanian dari mana bu?)*

**Informan**
Tiyang sepuh(*Orang tua)*

**Pewawancara**
Niku ingkang maringi ngertos bapak ibu panjenengan riyen gih (*Itu yang kasih tahu bapak ibu dari ibu ya?)*

**Informan**
Gih dados tiyang sepuh ngoten niku kulo mung melu melu ngoten mawon (*Ya jadi orang tua gitu yang kasih contoh, saya Cuma ngikuti saja)*

**Pewawancara**
Niku pas yuswo pinten ngenalaken pertanian? (*Itu waktu umur berapa dikenalkan dengan pertanian?)*

**Informan**
Pas SMEA niku (*Waktu SMEA itu)*

**Pewawancara**
Ngapunten riyen sekolah dumugi kelas pinten? (*Maaf dulu ibu sekolah sampai kelas berapa?)*

**Informan**
SMEA kelas kalih (*SMEA kelas dua)*

**Pewawancara**
Lajeng bantu bapak ibu teng saben gih(*Lalu bantu bapak ibu di sawah ya?)*

**Informan**
Gih gih(*Ya iya)*

**Pewawancara**
Riyen mbantu nopo mawon ? (*Dulu membantu apa saja?)*

**Informan**
Gih namung ngurusi tenogo tenogo niko, kalih mbantu ibu ngitun nek pas ajeng tandur niko (*Ya Cuma mengurus tenaga itu, sama membantu ibu **ngitun** kalau waktu tanam itu)*

**Pewawancara**
Riyen ibu saget cerita mboten keseharian ibu teng tani saking enjing ngantos sonten niku pripun? (*Ibu bisa verita dulu proses keseharian bertani dari pagi sampai sore bagaimana?)*

**Informan**
Gih ngitun enjing niko, siang ngitun siang meniko, sonten ngitun sonten, sedinten ping telu (*Ya **ngitun** pagi, siang **ngitun** siang, sore **ngitun** sore, sehari tiga kali)*

**Pewawancara**
Nek riyen wedal panen niku setiap berapa bulan sekali? (*Kalau dulu waktu panen itu setiap berapa bulan sekali?)*

**Informan**
Tiga bulan sekali hampir lebih sedikit

**Pewawancara**
Nek panen niku ibu bantu nopo mawon? (*Dulu panen itu ibu bantu apa saja?)*

**Informan**
Suk mepe trus lajeng nek teng saben meniko ngurusi sing jupuki kan riyen wonten derep niko mas. Dados riyen pantun meniko kalih sing gadah diparingi sepersepuluh rumiyin. Misale sepuluh kilo ngoten piyambak e sekilo. (*Kadang jemur terus kalau di sawah itu mengurus yang mengambil i padi kan dulu pakainya **derep** itu mas. Jadi dulu padi itu sama yang punya diberi sepersepuluh bagian. Misal sepuluh kilo gitu dia dapat satu kilo.)*

**Pewawancara**
Riyen alat alat sing digunake ten saben nopo mawon bu? (*Dulu alat-alat yang digunakan di sawah apa saja bu?)*

**Informan**
Ani ani rumiyin namung ani ani. Nek saiki erek. (***Ani ani*** *dulu itu Cuma* ***ani ani.*** *Kalau sekarang ada* ***erek)***

**Pewawancara**
Riyen nopo mpun ngagem pupuk ngoten? (*Dulu apa sudah menggunakan pupuk ?)*

**Informan**
Gih namung pupuk kandang wedal kulo cilik riyen (*Ya Cuma pupuk kandang waktu saya kecil dulu)*

**Pewawancara**
Ngagem pupuk buatan niku wedal nopo? (*Pakai pupuk buatan itu waktu apa?)*

**Informan**
Gih pas pun sepuh betahaken piyambak niku ngagem pupuk buatan. Selangkungan pun mulai, pas pun berkeluarga (*Ya waktu sudah tua membutuhkan sendiri itu pakai pupuk buatan. Umur 25 an waktu sudah berkeluarga)*

**Pewawancara**
Lha ibu mulai berkeluarga niku tahun pinten? (*Lha ibu mulai berkeluarga itu tahun berapa?)*

**Informan**
Tahun 65 niku pun ngolah saben piyambak (*Tahun 65 itu sudah mengolah sawah sendiri)*

**Pewawancara**
Riyen ingkang ngolah sawahe sinten? (*Dulu yang mengolah sawahnya siapa?)*

**Informan**
Gih namung diburuhke tiyang tiyang meniko, bapak namung ngawasi ngarahake niki ngoten ngoten mawon. (*Ya Cuma diburuhkan orang orang itu, bapak hanya mengawasi mengarahkan ini itu saja)*

**Pewawancara**
Ibu perso kalian program BIMAS ? (*Ibu mengerti program BIMAS?)*

**Informan**
Gih wonten (*Ya ada)*

**Pewawancara**
Sak pangertose jenengan BIMAS niku nopo? (*Semengertinya ibu BIMAS itu apa?)*

**Infoorman**
Ketingale niku riyen pupuke saking pemerintah niku (*Kelihatannya itu dulu pupuk dari pemerintah itu)*

**Pewawancara**
Niku riyen gih angsal penyuluhan ngoten (*Itu dulu ya dapat penyuluhan gitu bu?)*

**Informan**
Gih angsal (*Ya dapat)*

**Pewawancara**
Diajari nopo mawon? (*Diajari apa saja?)*

**Informan**
Gih coro coro ginaaken pupuk buatan niku (*Ya cara-cara menggunakan pupuk buatan itu)*

**Pewawancara**
Bedanipun ngagem pupuk buatan kalih pupuk alami teng hasile panen nopo bu? (*Bedanya memakai pupuk buatan dengan pupuk alami pada hasil panen apa bu?)*

**Informan**
Kinten kinten gih sami, tapi cepet e lemo niku cepet ingkang buatan. Nek kandang niko lambat tapi awet pertumbuhanipun.
*(Kira kira ya sama, tapi cepat besar itu yang buatan. Kalau pupuk kandang itu lambat tapi pertumbuhannya awet)*

**Pewawancara**
Nopo riyen gih kados ibu ibu gih bantu teng pertanian? (*Apa dulu seperti ibu-ibu juga membantu di pertanian?)*

**Informan**
Gih sedanten (*Ya semuanya)*

**Pewawancara**
Nyuwun sewu riyen nopo boten enten lapangan kerjo (*Maaf apa disini tidak ada lapangan kerja?)*

**Informan**
Gih boten onten, nek ibu ibu sambilane ndamel tikar mendong
*(Ya tidak ada, kalau ibu-ibu sambilannya membuat **tikar mending)***

**Pewawancara**
Niku tikare disade nopo diagem? (*Itu tikarnya dijual lagi apa dipakai sendiri?)*

**Informan**
Disade gih diagem gih (*Dijual ya dipakai sendiri)*

**Pewawancara**
Niku hasile panen disade teng pundi bu? (*Itu hasilnya panen dijual kemana bu?)*

**Informan**
Rumiyin meniko disade teng pemerintah riyen, nek sakniki disade piyambak piyambak (*Dulu itu dijual ke pemerintah, kalau sekarang dijual sendiri sendiri)*

**Pewawancara**
Nek disade sakliyanipun kaliyan pemerintah wonten? (*Kalau dijual ke selain pemerintah ada?)*

**Informan**
Sak ngertos kulo mboten enten namung pemerintah (*Sepengetahuan saya tidak ada hanya pemerintah saja)*

**Pewawancara**
Riyen kados pas nanem wonten ritual ipun boten? (*Dulu waktu tanam apakah ada ritual khusus tidak?)*

**Informan**
Gih wonten pas nanem mawi janur dadab lajeng wit andong, panggenan pojokan sekawan diparingi sekul ngoten, menawi sakniki pun boten. Menawi panen niko gih istilae wiwit metil niko kan kulo ngangge ani ani trus gagange meniko lajeng disimpen. (*Ya ada waktu tanam pakai daun **janur, dadab,** lalu **pohon andong,** di tempat pojokan perempatan dikasih nasi gitu, kalau sekarang sudah tidak ada. Kalau panen itu ya istilahnya **wiwit metil** itu kan saya pakai **ani-ani** trus batangnya itu disimpan.)*

**Pewawancara**

Sak niki pun boten enten gih, nek riyen mboten ngagem niku nopo boten marem ngoten nopo pripun? (*Sekarang sudah tidak ada ya, kalau dulu tidak memakai itu apa tidak tentram gitu ya bu?)*

**Informan**
Gih ngoten nerusaken tiyang riyen kan trus sakniki boten seking agami kan boten sae. Jane kadose boten sae ngoten (*Ya gitu meneruskan orang dulu kan terus sekarang tidak boleh dari agama katanya tidak baik).*

**Pewawancara**
Jane wonten bedane mboten ngagem sesajen niku bu? (*Sebenarnya ada perbedaannya tidak bu dengan memakai sesajen itu?)*

**Informan**
Boten wonten, sak niki niku rekaos sanget petani niku cuacane angel homone katah regi ne pupuk mundak terus (*Tidak ada, sekarang itu petani susah cuacanya buruk, hama nya banyak harganya pupuk naik terus)*

**Pewawancara**
Nek riyen saget panen ping pinten setaun? (*Kalau dulu bisa panen berapa kali bu dalam setahun?)*

**Informan**
Ping tigo (*Tiga kali)*

**Pewawancara**
Riyen putranipun gih bantu tani? (*Dulu anaknya juga membantu bertani bu?)*

**Informan**
Rencange matun gunawan niko lare lare (*Temannya **matun** gunawan itu sama anak anak)*

**Pewawancara**
Sing nerusaken wonten boten? (*Yang meneruskan ada tidak?)*

**Informan**
Boten onten sakmeniko, namung bapak e mawon (*Tidak ada sekarang itu, hanya bapak saja)*

**Pewawancara**
Saben e sak niki tasih? (*Sawahnya sekarang masih?)*

**Informan**
Tasih tasih (*Masih masih)*

**Pewawancara**
Gih ditanemi nopo? (*Ya ditanami apa?)*

**Informan**
Gih pantun (*Ya padi)*

**Pewawancara**
Trus ingkang ngelola sinten? (*Lalu yang mengelola siapa?)*

**Informan**
Dipun buruhaken namung sepaleh (*Di kerjakan buruh tetapi hanya setengah)*

**Pewawancara**
Lha mengkeh hasile pun? (*Nanti hasilnya bagaimana?)*

**Informan**
Gih bagi hasil (*Ya bagi hasil)*

**Pewawancara**
Suka duka nipun dados petani niku nopo bu? (*Suka duka nya jadi petani itu apa ya bu?)*

**Informasi**
Homo katah Kaping kaleh hargane pun ambleg, lajeng rabuk regine trus mundak teng petanine mudun terus dados mboten cucuk kagem tumbas pupuk niku pun telas (*Hama banyak yang kedua harganya juga turun drastis, lalu pupuk harganya naik terus, padi di petaninya harga turun terus jadi tidak untung hanya untuk buat beli pupuk saja sudah habis)*

**Pewawancara**
Sak niki boten enten sing ngagem pupuk kandang gih? (*Sekarang tidak ada yang memakai pupuk kandang ya?)*

**Informan**
Awes awes boten sabar, jane hasile luwih sae triyosipun gih regine sae (*Jarang mas tidak sabar, sebenarnya hasilnya lebih bagus katanya harganya juga lebih bagus)*

**Pewawancara**
Sak niki sabenipun katah ingkang disade bu? (*Sekarang sawahnya banyak yang dijual bu?)*

**Informan**
Gih enten tapi katah sing tesih ditanemi. Neng sing teng pinggir margi niko katah sing didamel griyo tapi mung sebagian. Sak niki iko tiyang deso nek saben e mboten digarap gih ajeng mangan nopo. Jane tumpang sari niko hasile saget katah tapi gih ragate akeh.

Rencang kulo niko crito wortel modalipun pitulas yuto tapi angsale arto mung nem yuto.
*(ya ada tapi banyak yang masih ditanami. Tetapi yang di pinggir jalan itu banyak yang dibuat rumah tapi hanya sebagian saja. Sekarang itu orang desa kalau sawahhnya tidak diolah terus mau makan apa. Sebetulnya tumpangsari itu hasile lebih banyak tapi biayanya juga banyak. Teman saya cerita nanam wortel keluar tujuh belas juta tapi dapatnya Cuma enam juta).*

**Pewawancara**
Dalam setahun niko namung ditanduri pari gih? (*Dalam setahun itu hanya ditanami padi ?)*

**Informan**
Gih namung pari (*Ya Cuma padi)*

**Pewawancara**
Boten ditanami lombok ngoten? (*Tidak ditanami lombok gitu?)*
Informan: Boten awes awes, riyen niku pas lombok nembe mundak mawon (*Tidak, jarang, dulu iitu waktu lombok harganya baik saja banyak yang tanam)*

**Pewawancara**
Bapak bapak teng mriki sambine liyaneipun petani nopo?
*(Bapak-bapak disini sambilannya selain petani apa?)*

**Informan**
Nopo paling tukang ngoten niku, katahipun petani. Neng sakmeniko katah ingkang dodol sayur didol i teng solo. Ketingalipun pemuda sakniki boten enten sing neruske petani. Remaja sak meniko pun awes, kerjo dateng pundi pundi teng jakarta teng pundi golek sing resik, nek petani niku kan gaweane reget. Riyen niko tumbas saben niku saget bati nek sakniki niku boten wonten batine. (*Apa paling*

*jadi tukang itu, kebanyakan ya petani. Tapi sekarang banyak yang jualan sayur dijual lagi ke Solo. Sepertinya pemuda sekarang tidak ada yang meneruskan jadi petani. Remaja sekarang sudah jarang, kerja merantau kemana-mana ke Jakarta cari yang bersih, kalau petani itu kan pekerjaannya kotor. Dulu beli sawah itu bisa untung kalau sekarang tidak ada untungnya).*

**Pewawancara**
Riyen menawi angsal penyuluhane niku harus dilakukan niku? (*Dulu kalau dapat penyuluhan itu apa harus dilakukan?)*

**Informan**
Nggih mas, kados proyek ngoten o bimas (*Ya mas, seperti proyek gitu mas)*

**Pewawancara**
Dados diken ninggalaken sing lawas niko gih? (*Jadi diminta meninggalkan yang lama ya?)*

**Informan**
Enggih (*Iya)*

**Pewawancara**
Nek mboten manut pripun? (*Kalau tidak nurut bagaimana?)*

**Informan**
Gih manut manut mawon niku mas (*Ya nurut-nurut saja itu mas)*

**Pewawancara**
Riyen pupuk e ibu ngagem nopo? (*Dulu pupuk yang dipakai ibu apa?)*

**Informan**
Kandang niku mawon dereng wonten rabuk, disebarke dikumpulke trus disebarke teng saben wau. Nek sak niki diparingi rabuk teng sukete wau trus diparingi kandang. Nek pupuk niku sak bare ditanem disemprot ning nek kandang sakderenge ditandur disebar. (*Kandang itu saja belum ada pupuk, disebarkan ke sawah itu dikumpulkan dulu baru disebarkan. Kalau sekarang dikasih pupuk di rumputnya lalu diberi pupuk kandang. Kalau pupuk itu habis ditanam disemprot tetapi kalau pupuk kandang sebelum ditanami disebar ke sawah.)*

**Pewawancara**
Riyen sak derenge enten obat semprot niku nyebare ngagem nopo? (*Dulu sebelum ada obat semprot itu nyebarnya pakai apa?)*

**Informan**
Gih ngagem tangan, tenogo niku kakung estri sami mawon (*Ya pakai tangan, tenaganya itu lelaki perempuan sama saja)*

**Pewawancara**
Riyen wedal tandur niku sing bantu sinten mawon? (*Dulu waktu tanam itu yang bantu siapa saja?)*

**Informan**
Gih diburuhaken niko (*ya memperkerjakan buruh itu)*

**Pewawancara**
Boten gotong royong ngoten? (*Tidak secara gotong royong gitu?)*

**Informan**
Boten enten nek pertanian, nek teng sawah niku sambatan boten enten. Awet biyen nek teng saben niku buruhke ngetoke dana. Bedo melih nek derep niko nek panene sepuluh kilo angsale sekilo

*(Tidak ada kalau pertanian, kalau di sawah itu **sambatan** tidak ada. Sejak dulu kalau ke sawah itu memperkerjakan buruh mengeluarkan biaya. Beda lagi kalau **derep** itu kalau panennya sepuluh kilogram dapatnya satu kilogram)*

**Pewawancara**
Dados boten dibayar kalihan hasil panen niko gih? (*Jadi tidak dibayar dengan hasil panen itu ya?)*

**Informan**
Boten, sak meniko derep pun boten enten pun arag arang (*Tidak, sekarang itu **derep** sudah jarang)*

**Pewawancara**
Sak meniko gantine derep nopo bu (*Sekarang yang menggantikan **derep** apa ya bu?)*

**Informan**
Ngasak niku, dadi nek wonten wong ngerek niko sing kecer teng mriku dijupuk i sitik sitik ditapen i ngoten. (***Ngasak** itu, jadi kalau ada orang **ngerek** itu yang tersebar disitu diambil sedikit sedikit **ditapeni** gitu)*

**Pewawancara**
Ngerek wonten tenogone putri bu? (***Ngerek** ada tenaga perempuannya bu?)*

**Informan**
Wonten nek koyo kulo niki, tapi nek sing bakul niko boten enten (*Ada kalau seperti saya ini, tapi kalau yang seperti **bakul** itu tidak ada)*

**Pewawancara**

Bagi waris pripun bu? (*Untuk sistem pembagian hak waris bagaimana bu?)*

**Informan**

Tergantung kesepakatan keluarga, wonten sing dipetak petak, enten sing kebon tog sawah tog. Enten sing di dol duit mengkeh di dom gih enten. (*Tergantung kesepakatan keluarga, ada yang dibagi petak, ada yang kebun saja atau sawah saja. Ada yang dijual dapat uang nanti hasilnya dibagi ya ada).*

**Pewawancara**

O gih ibu sampun yuswo pinten? (*Oya bu, ibu sudah umur berapa ?)*

**Informan**

Pitung ndoso (*Tujuh puluh tahun)*

# SUMBER TERTULIS
# REVOLUSI HIJAU

## BIBLIOGRAFI SUMBER TERTULIS SEJARAH REVOLUSI HIJAU

Acmad M. Fagi. 2009. *Revolusi Hijau Peran dan Dinamika Lembaga Riset Achmad M. Fagi*, Bogor: Balai Besar Penelitian Tanaman Pagi. (Tersedia di Perpustakaan Fakultas Pertanian Universitas Gadjah Mada).

Adi Nusferadi. 2006. **"**Revolusi hijau di Kabupaten Ciamis 1969-1998 pengalaman petani di Rawa Onom". *Tesis*. Jakarta: Universitas Indonesia. (Tersedia di Perpustakaan Universitas Indonesia).

Awaluddin Yunus, Darmawan Salman, Eymal B. Demmallino, dan Ni Made Viantika. 2016. Sociotechnical Change and Institutional Adjustment in Paddy Rice Farming During Post Green Revolution in Indonesia*. International Journal of Agriculture System*; Desember 2016, Vol. 4 Issue 2. (Tersedia di Perpustakaan Universitas Hasanudin. DOI: http://dx.doi.org/10.20956/ijas.v4i2.694)

Bambang Hudayana. 1996. *Perubahan Agraria Baru di Pedesaan Jawa: Dampak Revolusi Hijau Terhadap Peternakan Lembu.* Yogyakarta: Pusat Penelitian Kebudayaan dan Perubahan Sosial Universitas Gadjah Mada. (Tersedia di Koleksi Karya Ilmiah Perpustakaan Universitas Gadjah Mada).

Booth, Anne. 1986. "An Historical Review of Irrigation Development in Indonesia, Part 1" dalam *Bulletin of Indonesian Economic Studies* Vol. XIII No.3. (Tersedia di database JSTOR Journal).

_____. 1988. *Agricultural Development of a Frontier Region of Java.* Sydney: Allen and Uwin. (Tersedia di Perpustakaan Universitas Indonesia).

Bustanil Arifin. 1994 *Pangan dalam Orde Baru*, Jakarta: Kopinfo. (Tersedia di Perpustakaan Universitas Gadjah Mada dan Perpustakaan Universitas Negeri Malang).

Dahliani, L. 2002. “Perkebunan berkelanjutan vs perkebunan revolusi hijau”. *Media Perkebunan* (Indonesia), 2002, (no. 40). (Tersedia di Perpustakaan Institut Teknologi Bandung).

Danang Kristiawan. 2017. “Javanese Wisdom, Mennonite Faith, and the Green Revolution: The Farmers of Margorejo”. *Journal of Mennonite Studies*. 2017, Vol. 35. Tersedia di Perpustakaan Institute Teknologi Bandung

Darmawan, Kazutake Kyuma, Arsil Saleh, H. Subagjo, Tsugiyuki Masunaga, dan Toshiyuki Wakatsuki. 2006. Effect of green revolution technology during the period 1970-2003 on sawah soil properties in Java, Indonesia: II. Changes in the chemical properties of soils. *Soil science and plant nutrition,* Oct 2006., vol. 52, no. 5. (Tersedia di Perpustakaan Institute Teknologi Bandung).

Evi Marliana. 1994. Revolusi hijau dan dampak sosial-ekonomi di Kabupaten Klaten 1968-1980. *Skripsi.* Jakarta: Universitas Indonesia. (Tersedia di Perpustakaan UI).

Franke, Ricard William. 1992. *The Green Revolution in Javanese Village.* Cambridge: Harvard University. (Tersedia di Perpustakaan Universitas Sumatera Utara)

Frankema, E.H.P.. 2015. “The Green Revolution in Indonesia: A Replicable Success?” dalam Alicia Achrikker dan Jeroen Touwen (ed). *Promises and Predicaments. Trade and Entrepreneurship in Colonial and Independent Indonesia in the 19th and 20th Centuries*. Singapure: NUS Press. Tersedia di Perpustakaan Institute Teknologi Bandung

Gerzt, Clifort. 2016. *Involusi Pertanian.* Jakarta: Komunitas Bambu

Grata Werdaningtyas. 2009. “Indonesia's forest diplomacy: Pathway to green revolution”. *Jurnal Diplomasi* Vol. 1 no. 3. (Tersedia di Perpustakaan Universitas Indonesia).

Gunawan Sumodiningrat. 2001. *Menuju Swasembada Pangan: Revolusi Hijau II.* Jakarta: RIB. (Tersedia di Perpustakaan Nasional RI).

Hansen, Gary E. 1992. *Indonesia's green revolution : the abandonment of a non-market strategy towards change*. New York : Southeast Asia Development Advisory Group (SEADAG). (Tersedia di Perpustakaan Nasional RI_

Hiroshi, Tsujii. 1973. *An econometric study of effects of national rice policies and the green revolution on national rice economies and international rice trade among less developed and developed : with speciel reference to Thailand, Indonesia, Japan and the United States.* Ann Arbor, Michigan: University Microfilm International. (Tersedia di Perpustakaan Nasional RI)

Ii Rubi, Kandar. 2014. "Kondisi Sosial Ekonomi Masyarakat Gunung Kidul Masa Revolusi Hijau (1970-1974)". *Skripsi*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta. (Tersedia di Perpustakaan Universitas Negeri Yogyakarta).

Indra Tata. 2000. *Menggugat Revolusi Hijau*. Yayasan Tirta Karangsai. (Tersedia di Perpustakaan Nasional RI).

Isyasta Ehka. 1991. *Dilema Pestisida: Tragedi Revolusi Hijau*, Yogyakarta: Penerbit Kanisius. (Tersedia di Perpustakaan Universitas Gadjah Mada).

Joko Mariyono. 2015. Green revolution- and wetland-linked technological change of rice agriculture in Indonesia. *Management of Environmental Quality: An International Journal*; Vol. 26 Issue 5. (Tersedia di Perpustakaan Institute Teknologi Bandung)>

Judy Rahardjo. 2001. *Revolusi hijau, musuh rakyat: dari pestisida hingga rekayasa genetika*. Makassar: Lembaga Penerbitan Universitas Hasanuddin. (Tersedia di Perpustakaan Nasional RI).

Kodiran, 1986. *Revolusi Hijau dan Petani: Studi Kasus tentang Usaha Peningkatan Produksi Pertanian di Desa Trunuh Kec. Kebon Arum, Kab. Klaten, Jawa Tengah.* Yogyakarta: Fakultas Sastra

Universitas Gadjah Mada. (Tersedia di Perpustakaan Ilmu Budaya Universitas Gadjah Mada).

Konink, Rodolphe De David S Gibbons, Ibrahim Hasan. 1977. *The Green revolution, methods and techniques of Assessment : a handbook of a study in regions of Malaysia and Indonesia*. Quebec: Departement De Geographie Universite Laval. (Tersedia di Perpustakaan Nasional RI)

Leibo, Jefta. 1983. *Kehidupan Petani Kecil di Bawah Terpaan Revolusi Hijau*. Ujung Pandang: Universitas Hasanudin. (Tersedia di Perputakaan Universitas Hasanudin dan Perpustakaan Fisipol Universitas Gajah Mada)

Manning, Chris. 1988. Rural Employment Creation in Java: Lessons from the Green Revolution and Oil Boom. *Population and Development Review*. Vol. 14 No.1. The Population Council. (Tersedia di Perpustakaan Institute Teknologi Bandung dan database JSTOR Journal).

_____. 1988. *The green revolution, employment, economic change in rural Java: a reassessment of trends under the new order*. Singapore: Institute of Southeast Asian Studies. (Tersedia di Perpustakaan Nasional RI).

Montgomery, Roger D.. 1975. Migration, Employment and Unemployment in Java: Changes from 1961 to 1971 with Particular Reference to the Green Revolution. *Asian Survey*. Vol. 15 No.3 University of California Press. (Tersedia di database JSTOR Journal)

Otto Nur Abdullah, Dalhar Shosiq, dan Dyah Rahmani P. 1999. *Revolusi hijau: maskulinisasi atau feminisasi usahatani pada sawah, dalam perspektif gender*. Aceh: Universitas Syah Kuala. (Tersedia di Perpustakaan Nasional RI).

Reuter, Thomas. 2015. “The Green Revolution in the World’s Religions: Indonesian Examples in International Comparison.” *Religions* , Vol. 6 No. 4. (Dapat diakses dengan doi:10.3390/rel6041217)

Ruf, Francois dan Frederic Lancon. 2005. *Dari Sistem Tebas dan Bakar ke Peremajaan Kembali: Revolusi Hijau di Dataran Tinggi Indonesia.* Yoddang (terj). Jakarta: Salemba Empat. (Tersedia di Perpustakaan Nasional Indonesia, Perpustakaan Universitas Indonesia dan Perpustakaan Badan Perencanaan Pembangunan Nasional).

Syamsuddin Abbas. 1997. *Revolusi Hijau dengan Swasembada Beras dan Jagung.* Jakarta: Sekretariat Badan Pengendali Bimas Departemen Pertanian. (Tersedia di Perpustakaan Magister Administrasi Publik Universitas Gadjah Mada)

Welker, Marina. 2012. The Green Revolution's ghost: Unruly subjects of participatory development in rural Indonesia. *American Ethnologist*. May 2012, Vol. 39 Issue 2. (Tersedia di Perpustakaan Institute Teknologi Bandung).

Widjang Herry Sisworo. 2006. *Swasembada Pangan dan Pertanian Berkelanjutan Tantangan Abad Dua Satu*. Jakarta: Badan Tenaga Nuklir Nasional.

Winarto, Y.T. 1997. Maintaining seed diversity during the Green Revolution [in West Java]. *Indigenous Knowledge and Development Monitor* vol.5 no. 4.

Zuminati Rahayu. 2009. Revolusi Hijau dan Perubahan Sosial Ekonomi Petani Wanita di Kabupaten Sleman Tahun 1970-1984. *Skripsi*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta. (Tersedia di Perpustakaan Universitas Negeri Yogyakarta).

***

# SUMBER SEJARAH LISAN | REVOLUSI HIJAU DI INDONESIA

Revolusi hijau membawa dampak cukup luas kepada kehidupan sosial-ekonomi, terutama masyarakat petani di pedesaan pada umumnya. Karya-karya tentang revolusi hijau yang menggambarkan keberhasilan penerapan metode dan tehnik pertanian yang memberikan hasil sangat memuaskan, banyak mendapat pujian, bahkan dijadikan model acuan dalam merancang program pembangunan dari kalangan pejabat pembuat kebijakan di banyak negara berkembang. Keberhasilan penerapan revolusi hijau di masa Presiden Suharto, dalam waktu dua dasawarsa, kemudian diikuti oleh krismon (krisis moneter) yang berakibat pada pemiskinan dan ketimpangan distribusi pendapatan masyarakat Indonesia. Buku ini mencoba untuk melacak dan mengenali dampak revolusi hijau di tanah air. Ada dua cara yang digunakan dalam menyusun buku ini, *pertama*, adalah dengan mengumpulkan dan mencatat karya-karya yang telah diterbitkan tentang revolusi hijau. Cara *kedua* adalah pengumpulan informasi dengan menggunakan metode sejarah lisan. Cara pengumpulan data yang memang cocok untuk periode sejarah kontemporer. Dengan hadirnya buku ini kami harapkan dapat memberikan kemudahan bagi masyarakat dalam mengakses sumber sejarah lisan, utamanya tentang dinamika sejarah revolusi hijau di Indonesia.

KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
REPUBLIK INDONESIA

ISBN 978-602-1289-69-3

TIDAK UNTUK DIJUAL